**दिन—सोमवार** **दिनांक—08.12.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

———————————————————————————————————

लोकसभा मे आइ राष्ट्रीय गीत वंदे मातरमक एक सय पचासम वर्षगांठ पर चर्चा शुरू भेल। चर्चा शुरू करैत प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जनौलनि जे वंदे मातरमक मंत्र पूरा देश के शक्ति आओर प्रेरणा देलक आओर स्वतंत्रता आंदोलन के ऊर्जावान बनौलक। श्री मोदी जनौलनि जे वंदे मातरमक एक सय पचास बरख ओ महान अध्याय आओर गौरव के पुनः स्थापित करबाक मौका अछि। श्री मोदी जनौलनि जे जखन वंदे मातरमक एक सयम वर्षगांठ मनाओल गेल, ओहि काल देश आपातकाल सँ तबाह छल। ओ जनौलनि जे जखन राष्ट्रगीतक शताब्दि वर्ष के पैघ उत्साह संग मनाओल जयबाक छल, तखन भारतक संविधानक दमन कयल गेल आओर देश लेल मरमिटयवाला सभ के जेल पठा देल गेल। प्रधानमंत्री जनौलनि जे वंदे मातरम वर्ष उनैस सय सैंतालीस मे स्वतंत्रता प्राप्ति मे पैघ भूमिका निभौलक। श्री मोदी जनौलनि जे वंदे मातरम ओ शक्ति अछि जे लोक सभ के स्वतंत्रता सेनानी सभक सपना के साकार करबाक लेल प्रेरित करैत अछि।

———————————————————

नागर विमानन मंत्री के. राममोहन नायडू जनौलनि अछि जे विमानन सुरक्षा सँ कोनो समझौता नहि कयल जा सकैत अछि। ओ जनौलनि जे ई सरकारक सर्वोच्च प्राथमिकता अछि। आइ राज्यसभा मे श्री नायडू जनौलनि जे सरकार कतेको उड़ान के रद्द होयबाक स्थितिक जांच कऽ रहल अछि। ओ जनौलनि जे सरकार एहि के गंभीरता सँ देखि रहल अछि आओर मामिला मे कड़गर कार्रवाई कयल जायत। श्री नायडू जनौलनि जे जौं विमानन क्षेत्र मे काज कऽ रहल कोनो व्यक्ति या संगठन देल गेल जनतबक पालन नहि कयलक तऽ हुनका सभ पर कड़गर कार्रवाई कयल जायत। श्री नायडू जनौलनि जे मंत्रालय पहिल दिसंबर कऽ ई जनतब पर इंडिगोक संग एक बैसक सेहो कयने छल।

———————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ बक्सर जिलाक नवानगर औद्योगिक क्षेत्रक निरीक्षण कयलनि। ओ एहि बीच कतेको औद्योगिक इकाई के देखलनि आओर प्रबंधनक संग गपशप कयलनि। श्री कुमार औद्योगिक इकाई मे स्थानीय युवा सभ के रोजगार देवय मे प्राथमिकता

देबाक लेल जनौलनि। एहि बीच ओ अधिकारी सभ के उद्योगक सोंझा आबि रहल हरेक समस्याक समाधान शीघ्रहिं करबाक लेल जनौलनि जाहि सँ रोजगार सृजन आओर औद्योगिक विकासक काज बेसी तेज गति सँ भऽ सकय। एकर बाद मुख्यमंत्री वन्यजीव बचाव केन्द्र जा कऽ देलनि आओर जानवरक संरक्षण आओर देख–रेख सँ जुड़ल व्यवस्थाक समीक्षा कयलनि। मुख्यमंत्रीक संग उप–मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सेहो छलाह।

————————————————————————

उद्योग मंत्री दिलीप जायसवाल जनौलनि जे राज्य मे अगिल पांच बरख मे पचास लाख करोड़ टाकाक निवेश होयत। आइ मुजफ्फरपुर मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे ओ जनौलनि जे उद्योगक माध्यम सँ रोजगारक नव मौका सृजित कयल जायत। श्री जायसवाल जनौलनि जे भाजपा स्वदेशी उत्पाद के अपनेबाक लेल पचीस दिसंबर धरि राज्यभरि मे विशेष अभियान चलाओत।

————————————————————————

ग्रामीण विकास मंत्री श्रवण कुमार केन्द्र सरकार सँ प्रधानमंत्री आवास योजना ग्रामीण मे शीघ्रहिं राशि देबाक आग्रह कयलनि अछि। केन्द्रीय ग्रामीण विकास मंत्री शिवराज सिंह चौहान के लिखल गेल चिट्ठी मे जनाओल गेल अछि जे अखन टाकाक कमिक कारण आठ लाख लाभार्थी सभक भोगतान लंबित अछि।

————————————————————————

पछिया हवाक असरि सँ प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे ठंढ़ा बढ़ल अछि। बेसी ठाम न्यूनतम तापमान दस डिग्री सेल्सियस के लऽगपास आबि गेल अछि। पछिला चौबीस घंटाक बीच सात दशमलव छओ डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमानक संग भागलपुर जिलाक सबौर सभ सँ बेसी ठंढ़ा स्थान रहल। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे अगिला तीन सँ चारि दिनक बीच तापमान मे कोनो खास बदलि नहि होयत। भोर काल एक दू ठाम हल्लुक सँ मध्यम स्तरक कुहेस छाओल रहि सकैत अछि।

————————————————————————

कोलकता मे खेलल गेल सैयद मुश्ताक अली ट्राफी क्रिकेटक एलीट वर्ग मे बिहारक टीम उत्तर प्रदेश के छओ विकेट सँ हरा देलक। पहिने बैटिंग करैत उत्तर प्रदेश बीस ओवर मे छओ विकेट पर एक सय चौवालीस रन बनौलक। एकर बाद, बिहारक टीम उनैस ओवर आओर दू गेंद मे चारि विकेट पर लक्ष्य हासिल कऽ लेलक।

दोसर दिस मोतिहारिक गांधी मैदान मे आइ सँ मशाल फुटवॉल प्रतियोगिता शुरू भेल। तीन दिन धरि खेलयबला ई प्रतियोगिता मे स्कूली बच्चा सभक जिलास्तरीय टीम भाग लऽ रहल अछि।

———————————————————————

मुजफ्फरपुर जिलाक रामहरि थानाक धर्मपुर चौक लऽग अपराधी सभ एक व्यक्ति के गोली मारि कऽ हत्या कऽ देलक। मृतक राजदक नेता जनाओल गेल अछि।

अररिया जिलाक बैरगाछी थाना क्षेत्र सँ पुलिस एक कार सँ एक सय साठि बोतल शराबक संग दू तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

जिला आ सत्र न्यायाधीश समीर कुमार समस्तीपुर जिला मे तेरह दिसंबर कऽ कोट परिसर मे होयबला राष्ट्रीय लोक अदालत के देखैत आइ प्रचार वाहन के हरियर झंडा देखा कऽ रवाना कयलनि।

———————————————————————

समाप्त